



Revize an avril 2020

4 Pwogram ki Ka Ede W Peye pou Depans Medikal Ou yo

Gen pwogram federal ak pwogram leta ki disponib pou moun ki gen Medicare e ki gen revni ak resous ki pi ba pase sèten limit. Pwogram sa yo ka ede w ekonomize nan depans ou fè pou swen sante w ak medikaman sou preskripsyon w yo. Fèy enfòmasyon sa a gen enfòmasyon sou pwogram swivan yo:

- Medicaid
- Pwogram Epay Medicare
- Benefis Sipleman tè pou Revni Sekirite (SSI)
- Èd Anplis (Extra Help)

Medicaid

Medicaid se yon pwogram pataje federal ak eta ki ede peye depans medikal yo si ou genyen revni ak/oswa resous limite epi si ou satisfè lòt egzijans yo.

Chak eta gen kondisyon pou revni ak resous ki diferan, e chak eta deside ki moun ki elijib, ki sèvis yo garanti, ak konbyen sa ap koute pou sèvis yo.

Rele biwo Asistans Medikal Leta (Medicaid) ou a pou jwenn plis enfòmasyon e pou wè si w kalifye. Ale nan [Medicare.gov/contacts](https://www.medicare.gov/contacts), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.

Programmes d'épargne de Medicare

Si ou gen revni ak resous ki limite, gen posibilite ke w ka jwenn èd nan men eta kote w rete a pou peye pou depans Medicare ou yo si w satisfè sèten kondisyon.

Gen 4 kalite Pwogram Epay Medicare:

Pwogram Benefisyè Medicare Kalifye (Qualified Medicare Beneficiary, QMB)—Si w elijib, pwogram QMB a ede peye pou prim Medicare Pati A (Asirans Lopital) ak/oswa prim Medicare Pati B (Asirans Medikal). Anplis, founisè Medicare yo pa otorize pou yo faktire w pou franchiz, ko-asirans ak kopeman Medicare yo, lè ou resevwa sèvis ak atik Medicare kouvri, esepite medikaman sou preskripsyon pou pasyan ekstèn.

Pwogram Benefisyè Espesifye Medicare ki gen Revni ki Ba (Specified Low-Income Medicare Beneficiary, SLMB)— Li ede peye prim Pati B sèlman.

Pwogram pou Moun ki Kalifye (QI)—Li ede peye prim Pati B sèlman. Ou dwe aplike chak ane pou benefis QI e yo bay aplikasyon yo sou baz premye moun ki vini se premye moun yo sèvi.

Pwogram pou Moun ki Kalifye ki Andikape e k ap Travay (QDWI)—Li ede peye prim Pati A sèlman. Ou ka kalifye pou pwogram sa a si ou gen yon andikap e si w ap travay.

Non pwogram sa yo ak jan yo fonksyone varye toudepannde eta kote yo ye a. Pwogram Epay Medicare pa disponib Pòtoriko ak Zile Vyèj Amerikèn.

Rele oswa ale nan biwo Asistans Medikal Eta (Medicaid) ou a, epi mande pou enfòmasyon sou Pwogram Epay Medicare yo. Pou jwenn nimewo telefòn pou eta kote w ye a, ale nan [Medicare.gov/contacts](https://www.Medicare.gov/contacts). Ou ka rele tou nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.

Benefis Siplèmanntè pou Revni Sekirite (SSI)

SSI se yon avantaj lajan kach Sekirite Sosyal peye pou moun ki gen revni ak resous limite ki avèg, ki gen laj 65 lane oswa plis, oswa ki gen yon andikap. Avantaj SSI yo pa menm ak avantaj pansyon Sekirite Sosyal yo.

Ou ka ale nan [benefits.gov/ssa](https://www.benefits.gov/ssa), epi itilize “Zouti Evalyasyon pou Elijibilite Benefis la (Benefit Eligibility Screening Tool)” pou chèche konnen si w elijib pou SSI oswa pou lòt benefis. Rele biwo Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213 oswa kontakte biwo lokal Sekirite Sosyal la pou gen plis enfòmasyon. Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-800-325-0778.

Note: Moun ki abite Pòtoriko, Zile Vyèj Amerikèn, Gwàm, oswa Samoa Amerikèn pa ka gen SSI.

Èd Anplis

Si resous ou ak revni w limite, ou kapab kalifye pou w jwenn Èd Anplis pou peye pou depans Medicare pou medikaman sou preskripsyon w yo. Montan Èd Anplis ou resevwa a baze sou revni ak resous ou yo.

Si ou kalifye pou Medicaid, youn nan Pwogram Epay Medicare yo, oswa pou SSI, ou kalifye otomatikman pou Èd Anplis (Extra Help) peye pou depans pou kouvèti medikaman sou preskripsyon Medicare yo. Nivo revni ak resous yo ka chanje chak ane. Sèl jan pou konnen pou sèten si ou kaliofyè se pou aplike nan biwo Asistans Medikal Eta (Medicaid) ou a.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou Èd Anplis (Extra Help) ale nan [Medicare.gov/publications](https://www.medicare.gov/publications) pou gade tiliv “Gid ou pou Kouvèti Medikaman sou Preskripsyon anba Medicare (Your Guide to Medicare Prescription Drug Coverage).”

Pou sa gen Plis Enfòmasyon

- Rele oswa ale nan biwo Asistans Medikal Eta (Medicaid) ou a, epi mande pou enfòmasyon sou Medicaid ak sou Pwogram Epay Medicare yo. Non pwogram sa yo ak jan yo fonksyone varye toudepannde eta kote yo ye a. Rele si ou panse ou kalifye pou nenpòt nan pwogram sa yo, menmsi ou pa fin si.
- Rele Pwogram Asistans Asirans Sante nan Eta (State Health Insurance Assistance Program: SHIP) pou jwenn konsèy endividyèl gratis sou asirans sante. Pou jwenn nimewo telefòn pou eta kote w rete a, ale nan [shiptacenter.org](https://www.shiptacenter.org), oubyen rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.
- Ale nan [benefits.gov/ssa](https://www.benefits.gov/ssa), oubyen rele Biwo Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213 pou enfòmasyon sou SSI oswa pou aplike pou Èd Anplis (Extra Help). Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-800-325-0778.

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou Medicare nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa w tou pou w depoze yon plent si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Ale nan [Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice](https://www.medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice), oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w jwenn plis enfòmasyon. Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.

Se Depatman Sante ak Sèvis Imen ki peye pou li.

